

BAB I

BUBUKA

1.1. Kasang Tukang Masalah

Sastra mangrupa kréasi anu mibanda sipat otonom jeung koherén nu mibanda kaharmonisan antara wangun jeung eusi. Karya sastra mangrupa eunteung tina kahirupan manusa jeung alam sabudeureunanana. Ngaliwatan karya sastra, manusa bisa wanoh kana kabudayaan atawa gambaran kahidupan hiji sélér bangsa. Ide dasar kahirupan hiji lingkungan masarakat bisa ébréh dina karya sastra. Karya sastra mangrupa karya seni anu ngagunakeun medium basa sarta ngandung unsur kaéndahan. Karya sastra ogé bisa disebut runtuyan basa atawa tulisan nu éndah pikeun ngedalkeun rasa pangarangna. Ku kituna, sastra geus katitén salaku salasahiji média nu cocog pikeun ngedalkeun rasa pangarang dina wangun tulisan boh dina wangun lisan ku cara ngagunakeun basa nu éndah nu diolah ngagunakeun imajinasi.

Nurutkeun Iskandarwassid (2003:138), karya sastra nya éta karya seni anu digelarkeun ngagunakeun alat basa. Karya sastra nya éta hiji struktur tanda nu miboga ma'na (Pradopo, 2010:108). Karya sastra téh mangrupa struktur anu kompléks. Ku lantaran kitu, sangkan bisa paham kana karya sastra téh kudu dianalisis (Hill dina Pradopo, 2010:108). Nganalisis sastra kudu ngagunakeun salasahiji tiori sastra, salasahiji tiori anu bisa digunakeun dina nganalisis sastra nya éta tiori struktural.

Pradopo spk. (2001:54) nétélakeun ngeunaan konsép tiori struktural saperti di handap:

Suatu konsep dasar yang menjadi ciri khas teori struktural adalah adanya anggapan bahwa di dalam dirinya sendiri karya sastra merupakan suatu struktur yang otonom yang dapat dipahami sebagai suatu kesatuan yang bulat dengan unsur-unsur pembangunannya yang saling berjalanan. (Pradopo dkk.,1985:6). Oleh karena itu, untuk memahami maknanya, karya sastra harus dikaji berdasarkan strukturnya sendiri, lepas dari latar belakang sejarah, lepas dari diri dan niat penulis, dan lepas pula dari efeknya pada pembaca (Beardsley via Teeuw, 1983:60).

Analisis struktur mangrupa cara nu dipaké pikeun nalungtik karya sastra ku cara ngaidéntifikasi fungsi jeung hubungan antar struktur atawa unsur instrinsik dina hiji karya sastra. Unsur-unsur nu kapanggih dina karya sastra, bisa dijéntrékeun saluyu jeung karakter karyana. Nurutkeun Robert Stanton dina Isnendes (2008:29), karya fiksi téh unsur-unsurna diwangun ku :1) téma carita, 2) fakta carita (galur, tokoh, latar), 3) sarana carita (puseur paniten, gaya basa jeung suasana, simbol-simbol, imaji, judul). Analisis struktur miboga tujuan pikeun ngajéntrékeun eusi carita kalawan mérélé sarta kumaha hubungan antar unsur nu aya pikeun tujuan éstétisna jeung sakabéh ma'na nu hayang dihontal.

Nurutkeun Iskandarwassid (2003:138), ditilik tina wangunna, karya sastra Sunda kabagi jadi tilu golongan gedé, nya éta prosa atawa wangun lancar, puisi atawa wangun ugeran, jeung (carita) drama. Ari nu disebut prosa téh nya éta wanda basa karangan anu rakitanana cara basa sapopoé, tanpa ngolah wirahma atawa ngatur intonasi anu matok, jsté. Dina ieu panalungtikan, wangun karya sastra nu baris jadi bahan panalungtikan ngagunakeun tiori struktural nya éta prosa dina wangun novel.

Novel nya éta prosa rékaan (fiksi) nu naratip (ngawujud lalakon), umumna panjang sarta galur caritana atawa *plot*-na kompléks (ngarancabang) (Iskandarwassid, 2003:93). Budi Rahayu Tamsyah (1996:171) nétélakeun yén novel nya éta carita rékaan anu méré kesan lir enya-nya kajadian tur ukuranana panjang. Ku lantaran kitu novel dipilih jadi bahan ieu panalungtikan, sabab novel bisa midangkeun rupa-rupa palaku, ngasupkeun rupa-rupa kajadian, ngadéskripsikeun latar, jeung bisa ngahirupkeun karakteristikna.

Karya sastra nu dijadikeun objék dina ieu panalungtikan nya éta novel *Perang Bubat* karangan Yoseph Iskandar nu diterbitkeun ku Rahmat Cijulang dina taun 1988. Ieu novel téh kaasup kana novel sajarah, lantaran téma carita nu diangkat nya éta ngeunaan kajadian sajarah. Kusabab téma nu diangkatna ngeunaan sajarah, teu saeutik masarakat nu nganggap novel *Perang Bubat* karangan Yoseph Iskandar ieu salaku dokumen atawa kasus sajarah nu sabenerna, sanajan mémang carita nu dijieun éta téh nyoko kana sababaraha sumber sajarah. Tangtu waé éta téh salah, sabab carita dina éta novel geus pacampur jeung imajinasi nu nulis sangkan hasilna bisa miboga ajén éstétis.

Sastra mémang pakuat-kait jeung kahirupan, tapi dina wangun nu leuwih ragem. Kahirupan dina karya sastra bisa dijieun leuwih éndah, dipoyok, atawa digambarkeun patukang tonggong jeung kanyataan. Saluyu jeung pamadegan Rene Wellek jeung Austin Warren (1989:277), karya sastra nya éta seléksi kahirupan nu direncanakeun ngaliwatan tujuan nu tinangtu. Dina ngaaprésiasi karya sastra, urang kudu mikawanoh hubungan antara hiji karya sastra jeung kahirupan nyata.

Novel karangan Yoseph Iskandar ieu ngirut pikeun dijadikeun bahan panalungtikan. Ieu novel nyaritakeun deui ngeunaan peperangan nu kajadian di mangsa baheula antara karajaan Sunda jeung Majapait, nu disebut perang Bubat.

Aya sababaraha sumber sajarah ngeunaan peristiwa perang Bubat ieu, diantaranya *Serat Pararaton*, *Kidung Sunda* sarta *Kidung Sundayana* nu ayana di Bali. Perang Bubat masih jadi piomongeun di masarakat nepi ka ayeuna. Masarakat Sunda nepi ayeuna masih kanyenyirian kusabab peperangan nu sabenerna teu pantes kajadian. Kajadian perang téh mawa pangaruh nu gedé dina kahirupan urang Sunda nepi ka ayana *mitos* ngeunaan larangan pikeun urang Sunda nikah jeung urang Jawa.

Novel *Perang Bubat* ditalungtik ngeunaan strukturna atawa unsur-unsur novelna. Ieu novel dijadikeun bahan panalungtikan lantaran tacan kungsi aya nu medar, nganalisis, atawa nalungtik ngeunaan struktur carita novelna

Dikasangukungan ku alesan di luhur, jeung perluna mikanyaho tina jihat paélmuan sangkan bisa nyokot hikmahna, ieu panalungtikan dijudulan “Analisis Struktural Novel *Perang Bubat* karangan Yoseph Iskandar”.

1.2. Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1. Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang anu geus ditepikeun di luhur, masalah dina ieu panalungtikan diwatesan sangkan meunangkeun hasil anu hadé. Masalah anu ditalungtik sarta dipedar bakal nyoko kana poko bahasan anu rék ditalungtik, nya éta ngeunaan analisis struktural dina novel *Perang Bubat* karangan Yoseph

Iskandar ngeunaan téma, galur, latar, palaku, gaya nulis, gaya basa, amanat, puseur panitén (*point of view*), suasana, jsb.

Pikeun kapentingan ieu panalungtikan, analisis struktur novel *Perang Bubat* diwatesan ngagunakeun tiori Stanton (1965), nya éta nganalisis struktur anu ngawengku téma, fakta carita (galur, palaku, jeung latar), jeung sarana carita (judul, puseur panitén/*point of view*, gaya jeung nada/suasana), sarta amanat.

1.2.2. Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, masalah ieu panalungtikan diwangun dina kalimah tanya ieu di handap.

- 1) Naon téma novel *Perang Bubat* karangan Yoseph Iskandar?
- 2) Kumaha fakta carita (galur, palaku, jeung latar) nu aya dina novel *Perang Bubat* karangan Yoseph Iskandar?
- 3) Kumaha sarana carita (judul, puseur panitén/*point of view*, gaya jeung nada/suasana) nu aya dina novel *Perang Bubat* karangan Yoseph Iskandar?
- 4) Naon amanat nu hayang ditepikeun ku pangarang ka nu maca?

1.3. Tujuan Panalungtikan

1.3.1. Tujuan Umum

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun tur nganalisis struktur novel *Perang Bubat* karangan Yoseph Iskandar.

1.3.2. Tujuan Husus

Tujuan husus nu hayang dihontal tina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadeskripsikeun hal ieu di handap.

- 1) Téma novel *Perang Bubat* karangan Yoseph Iskandar;
- 2) Fakta carita (galur, palaku, jeung latar) nu aya dina novel *Perang Bubat* karangan Yoseph Iskandar;
- 3) Sarana carita (judul, puseur panitén, gaya basa, sarta nada/suasana) nu aya dina novel *Perang Bubat* karangan Yoseph Iskandar;
- 4) Amanat nu ditepikeun ku pangarang dina novel *Perang Bubat* karangan Yoseph Iskandar.

1.4. Mangpaat Panalungtikan

1.4.1. Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat sangkan nambahan pangaweruh ngeunaan analisis struktur dina karya sastra hususna novel. Ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa ngaronjatkeun sarta ngamotivasi nu maca sangkan ngaaprésiasi karya sastra hususna ngeunaan novel.

1.4.2. Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré pangaweruh pikeun nu maca novel *Perang Bubat*, ngeunaan téma, fakta, carita (galur, palaku, jeung latar) sarta sarana carita (judul, puseur panitén/*point of view*, gaya basa, sarta nada/suasana) nu aya dina éta novel sangkan nu maca bisa leuwih paham kana eusina.

1.5. Anggapan Dasar

Anggapan dasar mangrupa cecekelan utama anu dijadikeun dasar pamikiran dina hiji panalungtikan. Anggapan dasar sok disebut ogé asumsi anu ngandung harti titik pamiangan mikir anu bebeneranana bisa ditarima ku balaréa.

Luyu jeung pamadegan di luhur, anu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Sastra mangrupa hasil karya seni anu digelarkeun ngagunakeun alat basa, boh lisan, boh tulisan;
- 2) Novel nya éta karya sastra anu mibanda struktur carita nu gembeng saperti téma, fakta, carita (galur, palaku, jeung latar) sarta sarana carita (judul, puseur panitén, gaya basa, sarta nada/suasana), jeung amanat;
- 3) Analisis struktur mangrupa analisis anu nalungtik ngeunaan struktur carita nu nyangkaruk dina hiji karya sastra;
- 4) Struktur carita nu aya dina novel mangrupa sistem tanda nu perlu dianalisis pikeun jadi hiji ma'na anu gembeng;
- 5) Nganalisis novel mangrupa bagian tina kagiatan ngaapprésiasi karya sastra.

1.6. Landasan Tiori

Dasar tiori anu baris dipaké dina ieu panalungtikan nya éta tiori ngeunaan struktur novel. Tiori panalungtikan museur kana buku-buku: *Teori Kesusastraan* (R. Wellek jeung A. Warren, 1989), *Metodologi Penelitian Sastra* (S. Endaswara, 2003), *Metodologi Penelitian Sastra* (Pradopo. Spk, 2001), *Kamus Istilah Sastra* (Iskandarwassid, 2003), *Kajian Sastra* (Chye Retty Isnendes, 2010), *Teori*

Pengkajian Fiksi (Burhan Nurgiyantoro, 1995), *Pangajaran Sastra Sunda* (Budi Rahayu Tamsyah, 1996), jeung *Pedaran Sastra Sunda* (Tatang Sumarsono, 1983).

1.7. Sistematika Nulis

Sistematika dina nulis ieu skripsi, nya éta:

1. BAB I: Bubuka ngabahas ngeunaan kasang tukang masalah, rumusan masalah, watesan masalah, tujuan jeung masalah panalungtikan, anggapan dasar, landasan tiori, jeung sistematika penulisan. Eusi dina ieu bab ngeunaan kontéks tina masalah nu baris ditalungtik.
2. BAB II: Kajian tiori ngabahas ngeunaan wangenan novel, papasingan novel, gelar jeung kamekaran novel, sarta struktur novel.
3. BAB III: Metodologi panalungtikan nu ngabahas ngeunaan métode panalungtikan, wangenan operasional, téhnik panalungtikan, intrumén panalungtikan, léngkah garapan, jeung sumber data.
4. BAB IV: Analisis data jeung pembahasan hasil panalungtikan.
5. BAB V: Kacindekan jeung Saran.